

CLARENDON HILL

BILTEN NOUVÈL POU REZIDAN YO



● NAN NIMEWO SA ●

- Enfòmasyon sou reyokipasyon
- Mizajou sou konstriksyon
- Enfòmasyon Règleman sou lojman Leta ak Gouvènman Federal la Finanse
- Repons ak Kesyon Yo Souvan Poze
- Resous SCC ki disponib pou ou
- ak plis ankò!

PWOCHEN REYINYON REZIDAN YO:

17 Mas a 6:30pm

Tanpri rejwenn nou pou pwochen reyinyon rezidan yo nan dat 17 Mas a 6:30 PM nan **West Somerville Neighborhood School** oswa atravè **Zoom**. Y ap bay manje ak bwè.

Reyinyon an ap fèt an pèsòn ak sou Zoom nan lang anglè, espanyòl, pòtigè ak kreyòl ayisyen.



HOU LA POU EDE W!

Pou nenpòt kesyon sou relokasyon, vizite biwo HOU a nan biwo Clarendon nan, nan 278 Powder House Blvd. pou pale avèk **Manadjè Relokalizasyon HOU a, Kamika Marsh. soti 8am - 4pm Len.-Van.**

Ou ka voye yon imèl bay Kamika tou: kmarsh@housingopportunities.com oswa rele 617-344-9616

PWOCHEN REYINYON REZIDAN YO:

- 28 Avril- 6:30pm
- 19 Me - 6:30pm
- 23 Jen - 6:30pm

LÈ BIWO SCC A

Si ou gen nenpòt kesyon oswa si ou bezwen asistans pou jwenn resous tankou èd pou lwaye/sèvis piblik, resous sou kesyon imigrasyon, asistans pou chache travay, elatriye, ou ka kontakte Bonnie Bastien nan SCC.

Bonnie gen lè biwo nan biwo HOU nan Clarendon Hills ki nan 278 Powder House Blvd., nan semèn avan reyinyon ki fèt chak mwa pou rezidan yo.

Ap gen yon entèprèt pou ede ak komunikasyon pou moun ki pa pale anglè yo.



PWOCHEN LÈ BIWO SCC A

- **Jedi 24 Avril** : 9am - 1pm
- **Jedi 15 Me** : 9am - 1pm
- **Mèkredi 18 Jen** : 9am - 1pm

KALANDRIYE ANTISIPE POU REYOKIPASYON

- **Verifikasyon lokatè aktyèl yo:**
Kòmansman Ete 2025
- **Tiraj Espas Pakin:**
Ete 2025
- **Atribisyon Inite Lojman:**
Mitan Jiska Fen Ete 2025
- **Tiraj pou inite lojman ki pa piblik:**
Ete 2025

Tanpri voye moun ki enterese yo nan:
20stephenson@poahcommunities.com
www.20stephenson.com

APÈSI SOU REYOKIPASYON AN

Kritè Priyotizasyon

1. Nenpòt fanmi ki te deplase deyò sit la ki te resevwa yon avi pou kite nan yon ekspilsyon san fot.
2. Fanmi priyorite k ap viv kounye a nan Faz II epi ki te deja deplase yon fwa (deplase nan Faz I)
3. Fanmi priyorite ki te deplase deyò sit la.
4. Fanmi priyorite ki te rete nan plas yo nan Batiman Faz 2 (Fanmi priyorite Faz 2)
5. Fanmi ki pa priyorite k ap viv nan Faz 2
6. Fanmi ki pa priyorite ki te deplase deyò sit la

MIZAJOU SOU KONSTRIKSYON AN

KALANDRIYE KONSTRIKSYON

- **Anpilaj bwat modil yo:**
9 mwa (Jen 2024-Avril 2025)
- **Finisman konstriksyon vètikal :**
Me 2025
- **Finisman travay sou sit la ak amenajman peyizaj:**
Estimasyon 4 mwa (Me-Out 2025)
- **Lè nou atann fini:**
Out 2025
- **Deplasman ale nan nouvo Batiman:**
3 mwa (Septanm-Novanm 2025)


ESTATI AKTYÈL

- **Yo prevwa pou anpilman an fini avan Avril**
 - Anpilman Blòk 1 an fini
 - Do kay Blòk 1 fin enstale mwa sa a (Mas)
 - Anpilman Blòk 2 an prevwa fini avan dat 30 Avril
- **Travay espas komodite yo ap kontinye -** ladan yo genyen sal resepsyon, salon rezidansyèl, zòn lapòs/pakè, biwo, ak sal kominotè.
 - MEP resevwa apwobasyon, klwazon sèch prèske fini, epi penti, planche, ak travay atelye bwa yo pral kòmanse nan mwa Avril.
- **Travay Mekanik, elektrik ak plonbri (MEP) yo ap kontinye.**
- **Kouran nan Batiman E a konekte**

MIZAJOU FAZ 2

Tout finansman pou faz 2 yo deja la!

- **Konstriksyon an ap kòmanse nan mitan ane 2026** aprè Batiman E a fin konstwi epi tout apatman yo fin lwe
- **Konstriksyon an antisipe pou l ka fini an 2028**, avèk Batiman an k ap fin lwe nèt an 2029
- **Batiman D a ap gen ladan yon sal klas pwogram Head Start**



● ENSKRI POU JWENN ALÈT ENPÒTAN ●

Pou anrejistre pou Nouvèl yo:

Ekri CLARENDONHILL nan 8447642012

Vizite paj konstriksyon an:

www.clarendonhill.org/resident-info/construction-updates/

**Pou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak antretyen
ki gen ladan kontwòl ensèk, reparasyon, ak antretyen**

Kontakte SHA nan 617-625-4522

**Èske gen enfòmasyon ou ta renmen nou kouvri
nan pwochen reyinyon rezidan an oswa nan
pwochen bilten an?**

Kontak:

**Bonnie Bastien, Manadjè Batiman Kominotè a, SCC
bbastien@somervillecdc.org**

**Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou resous Somerville
Community Corporation yo nan dènye paj bilten sa a.**

Yon Konparezon ant Ansyen ak Nouvo Inite Lojman yo nan Batiman E, D, ak Kay Vil(Townhouses) yo

	Ansyen Batiman Clarendon yo	Nouvo Inite Lojman Clarendon nan Batiman E & D (Faz 1 ak 2)	
	Eta a finance tout inite lojman yo	147 Nouvo inite lojman: Eta Finance	54 Nouvo inite lojman: Gouv Federal la Finance
Konpayi Jesyon Pwopriyete	Somerville Housing Authority (SHA)	Kominote POAH	Kominote POAH
Ajan Resètifikasyon	Somerville Housing Authority (SHA)	Kominote POAH	Kominote POAH/SHA
Kalkil Lwaye (*revni an pa defini menm jan pou inite lojman leta ak inite lojman federal)	Lokatè yo peye 32% nan revni yo pou lwaye	Lokatè yo peye 32% revni yo pou lwaye	Lokatè yo peye 30% revni yo pou lwaye*
Èske sèvis piblik yo ladan?	Wi	Wi	Wi
Pèman Lwaye Minimòm	\$5	\$5	\$0
Restriksyon sou Eitati Imigrasyon	Pa gen Restriksyon	Pa gen Restriksyon	Omwon 1 manm nan kay la dwe yon sitwayen ameriken, rezidan pèmanan legal, oswa gen yon lòt estati ki elijib. Nan yon kay ki gen estati melanje, lwaye a ap kalkile pwopòsyonèlman, sa ki ka ogmante chaj lwaye pou kay la. Kay ki gen nenpòt manm ki gen estati imigrasyon ki pa elijib p ap ka nan inite lojman federal yo. Fanmi nan kay yo ap premye resevwa yon òf pou inite federal yo epi yo ka chwazi aksepte oswa refize. Si yo refize, yo ap mete yo nan yon inite lojman leta.
Restriksyon pou Eitati Etidyan	Pa gen Restriksyon	Ou pa elijib si tout kay la se etidyan a tan plen, <u>sof pou</u> koup ki marye, paran selibatè, moun ki jwenn TANF, moun ki nan pwogram fòmasyon travay, ak timoun adoptif.	Ou pa elijib si w ap pousuiv edikasyon siperyè ak <u>tout kondisyon sa yo</u> : ou gen mwens pase 24 lane, ou pa yon veteran, ou pa marye, ou pa gen timoun, epi ou pa gen yon andikap.
Lòt Restriksyon Obligatwa Sou Eitati	Okenn	Okenn	Refi obligatwa pou moun ki gen estati ofans seksyèl, aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg, ak lòt estati/aktivite kriminel.
Pwoteksyon Konsènan Degèpisman	Pwosesis la mande yon pwosedi administratif anvan tribinal, etabli rezon pou degèpisman, ak defans kont degèpisman.	Menm bagay	Menm bagay

Kesyon yo souvan poze pou Clarendon Hill Batiman E

4 Mas 2025

1. Kilè m ap ka demenaje al nan nouvo inite lojman mwen an nan faz 1 an (Batiman E)?

Pou kounye a, POAH ap komanse bay inite lojman nan Batiman E ant Jen ak Jiyè 2025. Yo pwojete dat demenajman yo ant Septanm ak Desanm.

2. Ki lòd y ap suiv pou lokatè yo jwenn yon inite lojman?

1. Tout fanmi ki te deplase deyò sit la epi ki te resevwa yon avi pou kite plas la nan ka ekspilasyon san fot.
2. Fanmi ki gen priyorite yo k ap viv kounye a nan Faz II e ki te deja deplase yon fwa (moun ki te deplase nan Faz I yo)
3. Fanmi ki gen priyorite yo ki te deplase deyò sit la
4. Fanmi ki gen priyorite yo ki te rete sou plas nan Faz II batiman yo (Fanmi priyorite Faz II yo)
5. Fanmi ki pa gen priyorite yo k ap viv nan faz II a.
6. Fanmi ki pa gen priyorite yo ki te deplase deyò sit la.

3. Èske y ap itilize nimewo lotri mwen an nan lòd relokasyon an?

Wi, yo detèmine òdonans relokasyon an selon kategori ki dekri pi wo a ak nimewo lotri a.

4. Èske y ap mete m definitivman nan yon nouvo inite lojman Clarendon nan Batiman E (Faz 1) ?

Tout rezidan ki afekte yo gen dwa retounen nan Clarendon Hill ki redevlope a. Tan pou yon fanmi retounen ap depann de lòd re-okipasyon li ak kantite moun ki nan kay la, selon inite ki disponib yo. Pifò fanmi ap retounen pandan Faz 1, men kèk fanmi p ap kapab retounen jiskaske Faz 2 a fini. Si w gen nenpòt kesyon sou re-okipasyon oswa relokasyon, tanpri kontakte Kamika Marsh nan HOU (kmarsh@housingopportunities.com; 617-344-9616).

5. Kijan y ap kalkile lwaye mwen an?

- Si yo mete w nan yon inite lojman eta finansè, y ap kalkile lwaye a menm jan yo te konn fè sa avan, selon règ eta a yo. Sa vle di lokatè a ap peye 32% nan revni yo.
- Si yo mete w nan yon inite lojman gouvènman federal la finansè, y ap itilize règ federal yo pou yo kalkile lwaye a (menm jan ak pwogram Seksyon 8 la). Sa vle di lokatè yo ap peye 30% revni yo pou lwaye a.
- Tanpri note ke definisyon “revni” ak sa yo otorize kòm dediksyon diferan ant pwogram yo. Tou depann de sikonstans yo, lokatè ki nan inite lojman ki resevwa finansman federal yo ka peye plis oswa mwens pase sa yo peye nan pwogram inite lojman piblik leta a. Pita, y ap bay plis detay sou diferan fòmil kalkil lwaye yo.

Tanpri gade paj 5 pou yon konparezon ant inite lojman eta finansè ak inite lojman gouvènman federal la finansè epi kijan sa ka afekte ou.

6. Èske pri sèvis piblik mwen yo ap nan lwaye mwen an?

Wi, menm jan ak kounye a, tout sèvis piblik yo ap nan lwaye a. Lokatè yo p ap peye elekrisite, gaz, chofaj, dlo cho, dlo, oswa sistèm egou.

7. Kisa k ap anndan apatman mwen an?

Chak apatman ap gen yon frijidè, yon machin pou lave asyèt, yon mikwo ond, yon machin lave ak seche rad ki sipèpoze, epi yon sistèm klimatizasyon santral. Chak lokatè ap gen kontwòl sou chofaj pa yo ak klimatizè pa yo.

8. Èske m ap gen yon plas pakin?

- Ap gen 50 plas pakin nan podyòm Apatman E a, ke y ap bay rezidan aktyèl Clarendon Hill ki jwenn youn nan 130 apatman ki nan Apatman E yo. Pou antre nan tiraj la, machin nan dwe anrejistre sou non kay la epi ak yon adrès nan Somerville. Si yon kay resevwa yon plas pakin nan tiraj la, machin nan ap bezwen anrejistre nan 20 Stephenson nan 60 jou.
- Chak kay ki gen omwen yon machin ap antre nan yon tiraj pou konnen si y ap resevwa yon plas pakin (pou yon sèl machin). Tiraj sa a ap fèt ant Me ak Out 2025 epi li ap fèt chak ane.
- Kay ki pa jwenn yon plas nan tiraj la ap bezwen chèche pakin nan lari a.
- Gen yon kantite limite plas pakin sou sit la pandan konstriksyon Faz 2 a, men ekip la ap travay pou fè plis pakin tanporè disponib pandan peryòd konstriksyon an.
- Lè konstriksyon Faz 2 a fini, ap gen 9 plas pakin sou Mary-Louise Daly Street (ki soti nan Powder House Blvd pou rive Stephenson Aman Street) ak 12 plas pakin sou Stephenson Aman Street.
- Kounye a, gen 40 machin ki anrejistre nan Clarendon Hill. Anplis de 50 plas ki nan tiraj la ak plas pakin nan lari yo, ap gen pwobableman 19 plas pakin y ap bay nan yon tiraj pou Batiman D epi pwobableman 21 plas y ap bay nan yon tiraj pou kay vil yo.

10. Kisa k ap pase si kay mwen an gen 2 machin?

Ou KAPAB jwenn yon dezyèm plas pou yon dezyèm machin tou depann si ta gen plas ki rete apre tiraj pou apatman ki gen revni mwayen yo. Men pwosesis yo pwopoze kounye a (sa ka chanje):

1. Tiraj pou 50 plas pakin pou 130 lojman ranplasman
2. Si gen plas ki rete, tiraj pou plas ki rete yo pou 38 lojman ak revni ki modere
3. Si gen plas ki rete, tiraj pou plas ki rete yo pou nenpòt kay ki gen 2 machin

11. Èske m ap bezwen peye pou pèmi pakin nan lari a chak ane si m pa jwenn yon plas?

Nenpòt moun ki pa jwenn plas pakin apre tiraj la ap bezwen pakin nan lari a. Daprè disponiblite pakin sou Clarendon Hill la, sa vle di ou pral bezwen achte yon estikè pakin rezidan atravè Vil Somerville la pou \$40 pa ane. Pa gen frè si w gen 65 an oswa plis (oswa si w gen yon kat andikape).

12. M bezwen nouvo mèb. Èske m ap jwenn enfòmasyon sou resous ki bay mèb gratis?

Men kèk resous gratis ki disponib pou rezidan ki bezwen mèb debaz pou kay yo. Tout resous sa yo mande yon referans ki soti nan yon òganizasyon tankou SCC oswa Biwo Establiite Lojman Somerville. Si yon kay gen kesyon sou mèb, tanpri kontakte Bonnie nan SCC (bbastien@somervillecdc.org, 617-410-9910).

- **Mission of Deeds (www.missionofdeeds.org) 781-944-9797**
 - Bezwen yon referans nan men SCC oswa Biwo Establiite Lojman Somerville.
- **Household Goods (www.householdgoods.org) 978-635-1710**
 - Bezwen yon referans nan men SCC oswa Biwo Establiite Lojman Somerville.
 - Asistans pou transpò ka disponib. Si w ap ranplase yon mèb ki egziste deja, ou p ap elijib. Rele pou plis enfòmasyon.
- **Fresh Start (www.freshstartfurniturebank.org) 508-485-2080**
 - Bezwen yon referans nan men SCC oswa Biwo Establiite Lojman Somerville.
- **New Life Furniture Bank (www.newlifefb.org) - pa gen nimewo telefòn**
 - Bezwen Referans

13. Èske mwen ka rete nan apatman relokasyon mwen an pou tout tan?

Ou ka gen posiblite pou rete nan apatman relokasyon w lan pou tout tan. Si ou te deplase nan yon lòt apatman ki pou SHA, ou ka rete ladan l pou tout tan, men y ap kalkile lwaye ou selon fòmil lwaye pou batiman sa a. Si ou te deplase ale nan devlopman federal Mystic la, ou ka peye mwens pou lwaye, men ou pral oblije peye kouran. Si ou te deplase ale nan yon apatman ki pa pou SHA, SHA ap sispann peye lwaye anplis la ak sèvis piblik yo yon ti tan apre yo ofri w yon apatman nan nouvo Clarendon Hill la. Nan ka sa a, se ou menm ki va responsab pou peye tout lwaye a ak tout sèvis piblik yo.

14. Ki moun ki pral jere pwopriyete Batiman E, D ak kay vil yo?

Konpayi jesyon POAH, ki rele POAH Communities (“POAHC”) ap jere Batiman E a, ansanm ak Batiman D ak kay vil yo.

15. Ki dwa m genyen kòm yon lokatè ki retounen nan nouvo devlopman Clarendon lan?

- Tout lokatè ap siyen yon kontra (ki menm jan ak sa kounye a).
- Tout lokatè ap gen menm dwa pou swiv pwosedi reklamasyon an menm jan ak kounye a, sofke premye etap pwosedi a (konferans prive a) ap fèt ak POAHC olye de SHA. Si yo pa jwenn yon solisyon, reklamasyon an ap ale devan komite reklamasyon SHA a.

16. Èske m ap bezwen divilge estati imigrasyon mwen pandan pwosesis relokasyon an?

Non, ou p ap bezwen divilge estati imigrasyon ou pandan pwosesis re-okipasyon an. Sepandan, si ou prefere jwenn yon inite ki finanse pa leta federal, ou ap bezwen divilge epi dokimante estati imigrasyon ou.

17. Èske m ap jwenn asistans pou deplase ale nan nouvo inite lojman an?

HOU ap bay materyèl pou deplasman epi l ap aranje yon konpayi demenajman, kab transfè, epi si w mande l, asistans pou anbale ak debale bagay yo.

18. E si m gen yon bèt domestik?

Règleman pou bèt domestik SHA a aplike. Ou ka jwenn yon kopi sou sitwèb SHA a. Yo otorize chat ki anrejistre ak SHA avan dat limit la, zwazo ki rete nan kaj, ak pwason yo otorize. Yo otorize asistans pou bèt tou.

19. Kijan pwosesis la ap ye pou peye lwaye a?

Lokatè yo ka peye lwaye yo konsa:

- Depoze an pèsòn oswa voye chèk oswa lòd lajan pa lapòs (money order) bay Biwo Jesyon an nan Batiman E a. Bank lan kapab tou voye pèman an nan Biwo Jesyon an;
- Arnje peman soti dirèkteman nan bank lan ; oswa
- Itilize kont labank ou pou w peye sou entènèt atravè Rent Café.

Lokatè yo p ap kapab voye lwaye yo pa lapòs oswa depoze l an pèsòn nan bank lan menm jan yo ka fè l kounye a.

20. Èske ap gen chanjman nan asosyasyon lokatè yo?

Clarendon Residents United (CRU) ap reprezante lokatè ki nan 130 ranplasman inite lojman piblik yo nan Batiman E ak sa yo ki ap viv tanporèman andeyò sit la, men li p ap reprezante 38 lokatè revni mwayen ki nan Batiman E a ni inite lojman ki gen finansman federal yo. Nan 3 mwa apre tout lokatè fin retounen nan Batiman E, CRU dwe òganize eleksyon pou yon nouvo konsèy 7 manm epi chèche rekonesans nan men SHA, menm jan sa te fèt an 2016. Lokatè lojman piblik Mass Union yo kapab ede nan pwosesis eleksyon an.

21. Kiyès m dwe kontakte pou pwoblèm ki gen rapò ak reyokipasyon?

Pou pwoblèm ki gen rapò ak reyokipasyon, tanpri kontakte:

Kamika Marsh, Espesyalis Relokasyon pou HOU

Imèl: kmarsh@housingopportunities.com

Telefòn: 617-344-9616

22. Ki moun mwen dwe kontakte si mwen bezwen resous tankou asistans pou lwaye, resous pou pwoblèm imigrasyon, asistans pou chache travay, elatriye?

Pou asistans ak lòt resous, tanpri kontakte:

Bonnie Bastien, Manadjè Devlopman Kominotè nan Somerville Community Corporation

Imèl: bbastien@somervillecdc.org

Telefòn: 617-410-9910

23. Ki moun mwen ka kontakte si mwen gen kesyon legal sou dwa sa yo ak sa m gen dwa avèk li?

Pou asistans sou koze legal, tanpri, kontakte Susan Hegel

Imèl: shegel@gbls.org

Telefòn: 617-603-2712

Job and Resource Fair

Thursday May
18, 2023
10:00am-2:00pm

The Center for Arts
at
the Armory
191 Highland Ave
Somerville MA 02143



JOB SEEKERS!

P R E P A R E

C O N N E C T

G R O W

Over 30
employer
partners and
educational
enrichment
organizations.

Feria de Trabajo y Recursos

Jueves 18 de Mayo,
2023
10:00am-2:00pm

The Center for Arts
at
the Armory
191 Highland Ave
Somerville MA 02143



**SOLICITANTE
DE EMPLEO,**

P R E P A R A R

C O N N E C T A R

C R E C E R

Mas de 30
empleadores y
organizaciones
que ofrecen
enrichment
o de educación

Fwa travay ak resous

Jedi 18 Me 2023
10:00am-2:00pm

The Center for Arts
at
the Armory
191 Highland Ave
Somerville MA 02143



**MOUN KAP
CHÈCHE TRAVAY**

P R E P A R E

K O N E K T E

G R A N D I

Vinn jwen ak
plis pase 30
konpayi kap
bay travay ak
òganizasyon
kap anrichi
edikasyon w

Job and Resource Fair

The Center for Arts at
the Armory
191 Highland Ave
Somerville MA 02143

Transportation Options

On-Street Parking
Davis Square on the Red Line
Bus Routes: 88 or 90

Questions? ¿Preguntas? Kesyon?

✉ firstsourceext@somervillecdc.org

🌐 somervillecdc.org/first-source-jobs-intake-form/

☎ 617-410-9905 ext 2

Thursday
May 18, 2023
10:00am-2:00pm

Register Online:

<https://SCC2023SpringJobFair-JobSeekers.eventbrite.com>

Scan to register here





SOMERVILLE
COMMUNITY
CORPORATION

FIRST SOURCE

PREPARASYON POU TRAVAY

Prepare – Konekte – Grandi


Nou gen devwe pou ede chak patisipan nan chèche travay, nan prepare, konekte ak ede nan kwasans pwofesyonèl yo.

SAW DWE KONNEN!

Pwogram First Source ede moun k ap chèche travay yo jwenn ladrès ak fòmasyon yo bezwen pou etabli yon karyè pwofesyonèl ki fè yo jwen travay ki byen peye ak kwasans karyè pandan y ap bay patwon yo kandida travay ki kalifye nan Somerville ak nan kominote vwazen yo. Nou ede moun ki pap travay ak moun ki ap travay yo simonte baryè ki genyen nan jwen travay epi nou sipòte devlopman konpetans pou preparasyon pou travay pandan n ap vize avanse opòtinite ekonomik yo.

sommervillecdc.org/first-source-jobs-intake-form/

Coache nou yo
Athena, Olson ak
Jonathan ap tann pou
rankontre ou!



SÈVIS NOU OFFRI...



PREPARE

Rezime

Enfòmasyon debaz

Lèt motivasyon

Preparasyon entèvyou



KONEKTE

Klas ESOL

Resous kominote yo

Fòmasyon sou antreprenarya

Patnè nou yo



GRANDI

Kòm yon moun, kòm yon pwofesyonèl ak kòm yon manm nan kominote a. Chak jou se yon nouvo jou pou opòtinite ak siksè.



617-410-9905 ext 2



firstsourceext@sommervillecdc.org



Adrès:

337 Somerville Ave,
Somerville MA 02143



SCC Computer Lab

Klas Enfòmatrik Bazik

Klas silaa pral pèmèt ou gen konesans debaz ki nesèsè pouw itilize yon òdinatè .

Ou pral aprann kijan pouw itilize yon souri ak klavye, imel, Chrome, sekirite sou entènèt ak koman pouw byen pran swen yon òdinatè . **Klas saa gratis ap dire kat semèn (dezèdetan pa semèn).** Klas la ap disponib chak mwa. Pou jwenn orè ki disponib yo ou ka rele, voye yon imel ou itilize lyen ki anbaa.

Klas Microsoft Office

Klas Microsoft Office nivo entèmedyè pral aprann ou tout sa ou bezwen konnen sou word, Excell, Powerpoint ak Outlook pouw vinn pi pèfòman nan espas travay ou. **Klas gratis saa ap fèt de fwa pa semèn pandan sis semèn.** Pou jwenn orè ki disponib yo ou ka rele, voye yon imel ou itilize lyen ki anbaa.

Atelye entèmedyè

Vinn patisipe gratis chak Mèkredi sòti 12 pou rive 2è PM nan yon atelye sou Microsoft ak lòt zouti kap pèmèt ou amelyore kompetans ou nan enfòmatrik **Se yon altènatif fleksib nan klass Microsoft nou yo** –Kontakte nou ou itilize lyen ki anbaa pou sijè kap vini yo.



337 Somerville Ave, Second Floor, Somerville, MA



www.somervillecdc.org


Pou plis enfòmasyon, kesyon, ou byen anrejistre nan Klass ou Atelye a, Skane kòd QR la, ou ka kontakte tou **Cai Cronin** sou (617) 410-9919 ou conine@somervillecdc.org



Free Tech Support in Somerville

- Free Help Tech, Basic Computer Classes, Hotspot and Laptop(if eligible)
- Éd teknik ak kou Bazik sou Teknoloji Gratis, Hotspot ak Laptop(si ou eligib)
- Ayuda Técnica, Alfabetizacion Digital Gratis, Hotspot y Computadora Portatíl(si es elegible)
- Ajuda Técnica, Alfabetizacao Digital Gratuito, Hotspot e Notebook(se elegível)

Check your
eligibility here



Justice • Equity • Diversity • Inclusion

 massdigitaljedi.org

 1-888-551-2167

 GetHelp@MassDigitalJEDI.org

337 Somerville Ave, 2nd Floor

"Collaboratively empowering communities through digital equity"